# Paul Leta To Filemon

## Introdushon

Paul rite dis leta to Filemon, one rich man for Kolosse. Onesimus na Filemon slave wey run away but e konvert to Christ wen e meet Paul for Rome. Naw, Paul wont send am back to en masta. Paul hope sey Filemon nor go just forgive Onesimus, but e go welkom am back, not just as slave but as en fellow Christian broda. Paul rite to Filemon to let am know sey Onesimus life don shange. En name mean “yuzful” for Greek, so Paul tell Filemon sey even doh e bin dey yuzles (savant wey Filemon nor fit trust before), naw, e don dey yuzful to di too of dem. Paul nor force Filemon, but e just dey appeal to am to receive am bikos of love. As e hapun, Filemon kon listin to wetin Paul tok and matter kon settle.

*I Salot*

1 Na Paul wey bi prisona bikos of Jesus Christ
and awa broda Timoti rite dis leta to Filemon,
awa dear broda and ko-worker. 2 And to Afia awa
sista, Arkippus awa fellow soja and di church
pipol wey dey meet for en house. 3 Make God
and awa Oga God Jesus Christ give una grace and
peace.

*Filemon Love And Faith*

4 Evritime wey I remember yu for my prayers, I
dey tank my God, 5 bikos I don hear about di faith
and love wey yu get for awa Oga God Jesus Christ

and all God pipol, [6] so I dey pray sey di faith wey
yu get go make yu undastand all di blessings wey
bi yor own inside Christ. [7] I get joy and my heart
dey strong bikos of yor love and thru yu, all God
pipol heart don strong too.

### *Wetin Paul Ask Onesimus*

[8] Since I get strong bilive for Christ sey, I fit
tell yu make yu do wetin dey rite, [9] mi Paul,
wey bi old man and prisona bikos of Christ, won
advise yu with love. [10] Abeg, make yu dey kind
to Onesimus, wey bi my pikin for God work and
e dey prison with mi. [11] Before, e nor dey yuzful
to yu, but naw, e dey yuzful to mi and yu. [12] I dey
send am kom back kom meet yu (even doh I love
am well-well). [13] If to sey yu dey here, I for wont
make e help mi as I still dey prison bikos of di
gospel work. [14] But I nor won do anytin wey yu
nor go like, so dat di good wey yu do, nor go bi
by force, but e go kom from yor mind. [15] May bi
na bikos of dis make am nor dey with yu since,
but naw, e go dey with yu forever. [16] Nor bi as
slave, but as broda wey wi love, bikos e don big
pass slave. E don bikom awa broda naw, bikos
God don shange am. [17] So, if yu si mi as yor broda
and patina, make yu asept am as yu go take asept
mi. [18] If e tif or whole yu anytin before, make yu
tell mi and I go pay. [19] Na mi Paul take my hand
rite dis leta sey, I go pay back, but I fit still sey,
yu yorsef dey whole mi. [20] So my broda, make
yu do dis tin for mi bikos of Christ, so dat belle
go sweet mi. [21] I dey sure sey yu go do wetin I
ask yu, so I dey rite give yu, bikos I know sey yu

go do pass wetin I ask.
22 So, make yu prepare where I go stay, bikos I know sey yor prayers go make dem free mi kom meet yu soon.

*Last Word*

23 Epafras, wey dey prison with mi, bikos of Jesus Christ, dey greet yu.
24 Mark, Aristakus, Demas and Luke, wey bi my ko-workers, dey greet yu too.
25 Make awa Oga God Jesus Christ grace dey with yor spirit.

# Holy Bible Nigerian Pidgin English

## Pidgin, Nigerian: Holy Bible Nigerian Pidgin English (Bible)

copyright © 2019 Wycliffe Bible Translators, Inc.

Language: Nigerian Pidgin

Contributor: The Seed Company

© Wycliffe Bible Translators, Inc. 2020 in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee
All rights reserved.

2020-11-30

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 21 Feb 2024 from source files dated 29 Jan 2022
789d27d3-da5e-50a4-a07b-58793a8f3c17